**Ассаламу гIалайкум!**

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2023 соналъул 28 апрель Рузман №18 (7780) Газета бахьизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъуруш 12 +

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

ГурхIел-рахIму

## Гуманитарияб кумек

АнцIила микьабилеб апрелалда кIалбиччаялъул байрамалда хурхун рес гьечIел хъизамазе кванил ниГIматазул гуманитарияб кумекгун ни-



лъер районалде щвана «НурмухIамадовал» абураб гурхIел-рахIмуялъулаб фондалъул вакил НурмухIамадова Гулишат.

Районалъул росабазул администрациябазул нухмалъулезухъ кьуна гьелъ ресукъал хъизамазе гурхIел-рахIмуялъулаб кумек.

Гьелъ бицана жиндир рекIее кIудияб рохел щолин гIадамазе кумек гьабизе щвеялъ ва гьезул разилъиялъ цIидасан гьира-шавкъалда жигар бахъу-лин гьезул ракIал рохизаризе.

Гулишатица гурхIел-рахIмуялъулаб фонд гIуцIун буго жиндирго кIудадал хIурмат гьабун, ва нигат буго хадубккунги гьеб пайдаяб кири цIикIкIараб иш нухда бачине, районалъул щибаб росулъе рес гьечIел хъизамазе кванил нигIматал ва цогидаби хIажатаб къайиялдалъун кумек гьабизе.

Районалъул бетIер Шамил ГIумаровас сонайил нилъер районалъул халкъалъе гьабулеб кумекалъухъ ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна Гулишат НурмухIамадовалъе.

Гьелъул нигат буго хадубккунги райадминистрациялъулгун ва социалияб рахьалъ халкъ цIуниялъул центргун бухьен кквезе ва рес гьечIел хъизамазе бажарараб кумек гьабизе.

**Райадминистрациялъул пресс-хъулухъ**

Баркалаялъул кагъат

## Республикаялъул бетIерас лъикIаб къимат кьуна



Къоло щуабилеб апрелалда Расул ХIамзатовасул цIаралда бугеб Миллияб библиотекаялда «Динамо» спортивияб гIуцIиялъ 100 сон тIубаялда хурхун тIобитIана рохалилаб тадбир.

Гьениб Дагъистан республикаялъул бетIер Сергей Меликовас спорталъулъ рихьизарурал лъикIал хIасилазухъ Баркалаялъул кагътидалъун кIодо гьавуна МахIачхъалаялъул Олимпиялъул резервалъул «Динамо» спортивияб школалъул гIолохъанав тугарухъан Гьадириса Каримов ЗагьидхIажи.

Баркула ЗагьидхIажида лъикIаб къимат щвей, гьарула хадубккунги икъбал ва мурадалде щвей.

Райадминистрациялда

## Бергьенлъиялъул къоялде хIадурлъи

АрбагI къоялъ райадминистрациялъул данделъабазул залалда тIобитIана администрациябазулгун учреждениябазул нух-



малъулел ва росабазул бутIрул гIахьаллъараб иргадулаб совещание.

Данделъи рагьулаго райадминистрациялъул бетIерасул заместитель Халилула МухIамадовас бицана тIаде щолеб Бергьенлъиялъул къоялъул.

Нилъеца гIун бачIунеб гIелалъе цIунизе кколин абуна гьес тарихги, бахIарзазул гьунаралги, цIаралги.

Гьес киналго ахIана байрамкъоялде лъикI хIадурлъизе, гьелда хурхун хамиз къоялъ райцентралда ва росабалъ субботникал тIоритIизе.

Цебеккунго хIадурараб программаялда рекъон хIисабалде босун буго росабалъ «РакIалдещвеялъул ахал» чIезе, Совет Союзалъул БахIарчи Къади Абакаровасул ВатIаналде-Эчеда росулъе автопробег гьабизе, хIалтIул идарабаздагун школазда «Георгиевская лента» акция тIобитIизе, футболалъул ЦФЛ «ЦIумада» лигаялъул чемпионат байбихьизе.

Кидаго гIадин рукIине руго «Хвел гьечIеб полкалъул» Бергьенлъиялъулаб парадги байрамалъулал майданалги.

Гьединго райадминистрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Сиражудиновас лъазабуна киналго тадбирал гIуцIун рукIине ккколин тIадегIанаб даражаялда. Нилъер жакъасеб берцинаб гIумруялъе гIоло рухI кьурал районцоязул цIаралги гьунаралги цIунизе щивасул борч ккколин абуна гьес жиндирго кIалъаялъул ахиралда.

Росабазул нухмалъулез божилъи гьабуна байрам кIодо гьабиялъулъ жигараб гIахьаллъи гьабизе.

**Зульфия Сажидова**

Юбилей

## Гьудул-гьалмагъзабазул барки



Къоло щуабилеб апрелалда гIумрудул 50 сон тIубай кIодо гьабуна республикаялъул муниципалияв гIуцIабазул бакIалъулаб самоуправлениялъул органалгун хурхен букIинабиялъул рахьалъ Дагъистан ХIукуматалъул нухмалъулесул жамгIияв кумекчи Гьакъоса МухIамадхан Хъазанатовас.

Районцоязда гьев лъала Гьизилюрт районалда гIумру гьабулел цIумадисезул цолъиялъул председатель хIисабалдаги. МухIамадханица хIаракат бахъулеб буго республикаялъул жамгIиябгун политикияб гIумруялъулъ жигараб гIахьаллъи гьабизе, районцоязе кумекалъе ватизе.

РакI-ракIалъ баркула МухIамадханида юбилей. Гьарула гьесие щулияб сахлъи, хъизаналъулаб талихI, божарал гьудулзаби, хIалтIулъ лъикIал хIасилал ва анищал тIурай.

ХIинкъи гьечIеб гьакибер

## Велосипедистазул къец

Дагьаб цебе тIадеги лъай кьеялъул централъ лъималазулгун гIолилазул спортивияб школалъул стадионалда районалъул школлъималазда гьоркьор тIоритIана «ХIинкъи гьечIеб гьакибер» абураб велосипедистазул къец.

Гьенир гIахьаллъана Агъвали гимназиялъул, ТIинди, Къеди, Лъондода, ТIадгьаквари, Гьоркьгьаквари, ТIисси, ТIиссиахикь ва Гьигьалъ-гIурухъ школазул цIалдохъаби.



Лъималаз жигар бахъана велосипед бачине бугеб махщел ва нухазда х1инкъи гьеч1олъи ц1униялъул рахъалъ жидерго лъай бихьизабизе.

ХIалуцарал къецазулъ тIоцебесеб бакI щвана ТIадгьакварисса командаялъе, кIиабилеб бакI-Гьоркьгьаквари ва ТIисси школазул командабазе, лъабабилеб бакIалде ккана ТIиссиахикьа цIалдохъаби.

Бергьаразе ва призеразе кьуна дипломал ва грамотаби, гьединго спонсоразул рахъалъан гIарцулал сайгъаталги.

**Хадижат ИсхIакъова**

Бергьенлъиялъул къоялде

## Кубок тIадгьакварисезе

Къоло щуабилеб апрелалда тIадеги лъай кьеялъул централъ тIаде щолеб Бергьенлъиялъул къоялда хурхинабун районалъул школлъималазда гьоркьоб тIобитIана ТIолгороссиялъулаб рагъулабгун спортивияб патриотикияб хIай «Бергьенлъи».



Гьенир гIахьаллъана Агъвали гимназиялъул, ТIинди, Гьигьалъ, ТIадгьаквари, Лъондода ва ТIиссиахикь школазул цIалдохъабазул командаби.

БатIи-батIиял къецазул хIасилал рачун хадуб тIоцебесеб бакIалъе мустахIикълъана ТIадгьаквари росдал школалъул команда, кIиабилеб бакI щвана Агъвали гимназиялъул командаялъе ва лъабабилеб бакIалде ккана Лъондода ва Гьигьалъ школазул цIалдохъаби.

Бергьаразе ва призеразе кьуна кубокгун дипломал ва гIарцулал сайгъатал.

Бихьулеб буго сонидаса сониде къецазул гIахьалчагIи дагьлъулел рукIин. Гьеб суал хIисабалде босизе буго лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъиялъ.

**Хадижат ИсхIакъова**

РакIалдещвей

## Силдиса Бибулат

Силдиса ГIумаров Бибулатил ракIалдещвеялъул хьвай-хьвагIаязда хьвалеб буго 1920 соналъ Эчедиса гьачагъаз цебе къотIун бачIанин Совет ХIукуматалъул рахъ ккураб партизаназул къокъа. Къаси сордо базе гьел рештIун руго Силди росулъ.

Рогьилалде, гьесул инсуца ва росдал гIадамаз кьижун ккарав хьаравуласда лъаларедухъ, партизанал рукъзабахъе рачун руго. Бибулатил инсул рокъов вукIун вуго партизаназул анлъго чи. Гьел партизаназда нух бихьизабизе нахьияб къоялъ Бибулатги СавукIил ГIали абулев чиги ритIун руго. Гьачагъазда рихьизе течIого, гьез партизанал Къеди бугеб партизаназул штабалде щвезарун руго. ГIемер кватIичIого Бибулатги, Гьакъоса ХIадисги Хунзахъе Муслим Атаевасул партизаназул отрядалде лъугьине ун руго.

ТIоцебесеб бандазулгун гьезул рагъ ккун буго Харахьи росулъ. Анц1го къоялъ халат бахъун буго гьеб рагъ Харахьи ва ГIортIа росабалъ. БагIарал партизаназ щвезабураб кутакаб кьабиялъ бандазул чукъби, цIикIкIарал камиялги ккун, рахъ-рахъалде тIуризарун руго. Гьеб рагъулъ партизаназулги чIван вуго анц1го чи.

Гьенисан эхеде Бибулат гьорлъ вугеб отряд, тIокIаб дандечIей лъугьинчIого, Хьвайни росулъе щун руго. Гьениб ризал рохьазда жанир, Супиялъ абулеб колоде гьоркьчIелги гьабун, гьезие батун буго щулияб къагIидаялда бахчараб тушбабазул отряд. Гьеб мехалъ Бибулатил командирлъун вукIуна Хунзахъа БатIал. Атаев вукIун вуго Ункъракьалъул рахъалда рагъулел бандалгун БагIараб Армиялъул часталъе нухмалъи гьабулев. БагIараб Армиялъулги, багIарал партизаназул цадахъаб кьабиялъ Хьвайни участкаялдаса ва Ункъракьалъул участкаялдасаги бандал тIуризарун ун руго.

Гьелдаса хадуб Атаевас нухмалъи гьабулеб БагIараб Армияги Бибулат гьорлъ вугеб отрядги цолъун ЦIунтIехун ун руго. Киса-кибего тушбабазул дандечIей гьечIого, щибаб росдал гIадамаз, жидеего бокьун ярагъги кьун, гьел щун руго ЦIунтIадерил Къадалиб росулъ. Гьенир гьелгун дандчIван руго Гьидерил гIорккун эхеде бандалги щущахъ риххизарун рачIунел БагIараб Армиялъул ва партизаназул отрядалги.

Ункъракьалда ругел тушбабиги щущахъ риххизарун, Атаевасул партизаназул отряд тIадбуссун Хунзахъе ун буго. Атаевас, баркалаги кьун, Бибулатги рокъове витIун вуго.

**МухIамад Шамсудинов,** районалъул рагъул ва захIматалъул ветераназул Советалъул председатель

## Субботникал тIоритIана

Хамиз къоялъ Агъвали районалъул централда ва росабалъ тIоритIана рацIцIа - ракьалъи чIезабиялъул субботникал. Гьенир гIахьаллъана районалъул тIолго учреждениябазулгун организациябазул хIалтIухъаби ва росабазул жамагIатал.



Аслияб куцалда хIалтIи гьабуна райцентралъул кватIазда, лъарал ва гIурул рагIаллъабазда, футбол хIалеб майданалда ва учреждениябазулгун организациябазул минабазда сверухъ. БухIана ва кватIибе баччана гьенисан рищни-къул, гIадлуялде бачана сверухъльи, гьабуна рацIцIалъи, рухьун ва лъалъан къачIана гъутIби, хьана тIугъдул, чIана махигъутIби.

Росабалъги гьебго къагIидаялда рацIцIана кватIал ва лъиназул рагIаллъаби, чIана гъутIби, хьана тIугъдул.

Ихдалил чIагольиялъги, тIегьалел гъутIбузги, кватIахъ ва минабазда сверухъ бугеб рацIцIалъиялъги лъикIаб берцинлъи кьолеб буго райцентралъе. ЛъикI букIинаан нилъеца кидаго рацIцIалъи чIезабуни, ва мина-карталда сверухъ гIадлу гьабуни.



Районалъул нухмалъулев Шамил ГIумаровас ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна субботниказул гIахьалчагIазе ва ахIана берцинлъи ва рацIцIалъи цIунизе.

**Зульфия Сажидова**

Центр занятости населения

## «Профессиональный компас-2023»

ГКУ РД ЦЗН в муниципальном районе «Цумадинский район» с 24 по 28 апреля 2023 года проводится декада профориентационных мероприятий «Профессиональный компас-2023» среди молодежи, в том числе выпускников общеобразовательных организаций.

Мероприятия организованы с целью оказания помощи выпускникам общеобразовательных учреждений в профессиональном самоопределении и ориентировании их на выбор профессий, пользующихся перспективным спросом на рынке труда.

Надеемся, что наша информация будет полезна выпускникам общеобразовательных организаций, а также их родителям.

**П. Бадрудинова**

**Росдал халкъалъул цолъи ва гьудуллъи**

# ГIидалъул къоялъул хIурматалда къецал

Исана гIидалъул къо кIодо гьабизе шагьараздаса районалъул росабалъе рачIана гIемерал гIадамал. Киданиги букIинчIеб гIадинаб тIатIалакъай букIана машинабазул тунелалъул байбихьудасан Генубе щвезегIан. Гьеб сураталъухъ балагьун бихьулеб букIана халкъалъ хирияб къо кIодо гьабиялде кьолеб кIвар, лъималаз эбел-инсухъе, гIадамаз гIагарабожаразухъе, чIагояз хваразул хабалазде зияраталъ щвезе бахъулеб хIаракат. Аллагьас гьезул киназулго садакъаги, гIибадатги, зияратги къабул гьабун батаги.




Гьединал байрамкъоялде росуцоял ракIараб мехалъ батIияб чIаголъи лъугьуна магIарухъ ругел росабалъ. ГIидалъул къоялъул хIурматалда Гъоркьгъакквари росдал администрациялъул бетIер Рашид АхIмадовасул нухмалъиялда гьоркь тIоритIана батIи-батIиял спортивиял диниял къецал. Гьелъул мурадги букIана гIолилазул спорталде рокьи бижизаби, гьезда гьоркьоб гьудуллъи ва вацлъи щула гьаби.

Мажгиталда рузманги бан, росдал халкъ бакIарана школалъул площадкаялда. ЧIахIиязда ва гIисиназда гьоркьор тIоритIана Къуръан цIалиялъул, 60 метралъул манзилалъ рекериялъул, чIаралъуса кIанцIиялъул, гамачIгун гиря рехиялъул, канат цIаялъул, турникалда къаркъала цIаялъул, волейбол, шахматал ва шашкаби хIаялъул къецал.

Къецазулъ жигараб гIахьаллъи гьабуна Дагъистан республикаялъул Халкъияб Собраниялъул депутат ГIабдурахIман Камиловас, шахматал хIаялъул къецазулъ гьевги мустахIикълъана лъабабилеб бакIалъе.

Волейбол хIаялъул къецазулъ гIахьаллъана МахIачхъалаялдаса, Избербашалдаса, Гъизилюрталдаса, Шаваялдаса ва Гъоркьгъакквариса командаби. ХIалуцарал къецазулъ тIоцебесеб бакI щвана «Чемпион» командаялъе, кIиабилеб бакIалде ккана «Школьники» ва лъабабилеб бакIалде - «Легенда» команда.



Бергьарал ва призерал кIодо гьаруна дипломаздалъун ва гIарцулал сайгъатаздалъун. Къецазе спонсорлъиги гьабуна Дагъистан республикаялъул Халкъияб Собраниялъул депутат ГIабдурахIман Камиловас, ГIабдурашид Сейповас, Юсуп Аюбовас, МухIамад МухIамадовас ва цогидазги.

Къецазул ахиралда росдал администрациялъул бетIер Рашид АхIмадовас ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна гьудуллъиялъулаб ахIвал-хIалалда къецал тIоритIизе жигар бахъарал росуцоязул гIуцIиялъул комитеталъе.

**ТIагьир АхIмадов**

# Гьадири байрамкъо кIодо гьабуна

КIал биччаялъул гIидалъул къо кIодо гьабун ЖахIбаров МухIамадшапил нухмалъиялда гьоркь Гьадири росулъги тIоритIана чIахIиязда ва гIолилазда гьоркьор батIи-батIиял спортивиял къецал.

Къецазул байбихьуда спортивиб тадбиралъул мурадалъул бицун кIалъаял гьаруна жамгIияв хIаракатчи Иманшапи МухIамадовас ва предприниматель ГIабдулкарим Керимовас. ГIолилазул спорталде рокьи бижизабиялде, гьезда гьоркьоб гьудуллъи ва вацлъи щула гьаби мурадалда тIоритIулел къецазул бугеб кIудияб кIваралъул бицана гьез. Гьединго загьир гьабуна ахирал соназ гьадирисел гIолилаз спорталъул рихьизарулел хIасилаздаса чIахIияб гIелалъул бугеб чIухIи ва рохел. Гьездаса мисал босун, спорталде машгъуллъизе ахIана гIисиналги.



ЧIахIиязда гьоркьор чIаралъуса кIанцIиялъул, гамачIгун гиря рехиялъул, канат цIаялъул, турникалда къаркъала цIаялъул, футбол хIаялъул ва гIисиназда гьоркьор тIоритIана 500 метралъул манзилалъ рекериялъул, чIаралъуса кIанцIиялъул къецал.



Футбол хIаялъул къецазулъ гIахьаллъана МахIачхъалаялдаса, Гъизляралдаса, ГъачIилъа, росдал студентазулгун ветераназул ва росулъ гIумру гьабулел гIолилазул командаби. ХIалуцарал къецазулъ тIоцебесеб бакI щвана росулъ гIумру гьабулел гIолилазе, кIиабилеб бакI щвана студентазе ва лъабабилеб бакIалде ккана МахIачхъалаялда гIумру гьабулезул команда.

Канат цIаялъул къецазулъ бергьана Гъизляралда чIей бугел гьадирисел, кIиабилеб бакI МахIачхъалаялда гIумру гьабулезе, лъабабилеб бакI-росулъ чIарал гIолилазе.

ЧIаралъуса кIанцIун тIоцебесеб бакI щвана ТIагьиров ГIисае, кIиабилеб бакI ГьитIинов МухIамадие, лъабабилеб бакI-МухIамадов Идрисие.

Гиря рехун бергьана ГьитIинов МухIамад, кIиабилеб бакI щвана МухIамадов Сайпудине, лъабабилеб бакI-ГIабдулазимов Шамилие.

ГамачI рехун тIоцебесеб бакI щвана ТIагьиров ТIагьирие, кIиабилеб бакI ГьитIинов МухIамадие, лъабабилеб бакI ГIабдулазимов Шамилие.

Турникалда къаркъала цIан бергьенлъи щвана студент Идрисов МухIамадие, кIиабилеб бакI ММАялъул речIчIухъан ГIисаев Заурие, лъабабилеб бакI журарал рагъазул рахъалъ дунялалъул кIицIул чемпион Идрисов Къурбание.

Щунусго метралъул манзилалъ векерун лъималазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI щвана МухIамадов Юсупие, кIиабилеб бакI Амрулаев МухIамадие, лъабабилеб бакI ГъалбацIдибиров ГъалбацIдибирие.

Бергьарал ва призерал кIодо гьаруна медалаздалъун ва дипломаздалъун, гьединго спонсоразул рахъалъан гIарцулал сайгъатаздалъун.

Спонсорлъиялъе квербакъана Гъизилюрт районалъул ТУНОялъул нухмалъулев МухIамадшапи ЖахIбаровас, районалъул Собраниялъул депутат ГьитIинмухIамадов МухIамадхIабибица, предпринимателал ГIабдулазимов Шамилица, Каримов ГIабдулкаримица, МухIамадов МухIамадица (Пушкин), Сайпудинов МухIамадханица, ХIадисмухIамадов МухIамадица, ТIагьиров ГIисаца.

Къецазул ахиралда жигараб гIахьаллъи гьабиялъухъ росуцоязе баркала загьир гьабун кIалъай гьабуна МухIамадшапи ЖахIбаровас.

Киб гIумру гьабуниги, кинаб хъулухъалде раханиги, жал рижараб ва гIураб росдал тарих лъазе, гIадатал ва мацI цIунизе, умумузул цIар борхатго кквезе ахIана гьес гIолилал.

Араб соналъ росулъ футбол хIалеб майдан рагьиялъул лъикIаб хIасил жакъа киназдаго бихьизабунин росдал гIолилазин абуна гьес. Хадубккунги жамгIиял хIаракатчагIаз жигар бахъизе бугин гIагараб росу цIилъизабизе, гIолилазе спорт цебетIеялъе шартIал гIуцIизе ва росдал халкъалъул цолъи ва гъунки букIинабизе.

Къасимех щварабго, росуго гвангъизабун салюталги риччан, унго-унгояб байрамкъо букIин лъазабуна гIолилаз. ТIадеялъулги жеги цIикIкIараб къадаралда гIагараб росулъ гIидалъул байрамалде дандерусине нигатгун къо-мех лъикI гьабуна росуцояз.

**МухIамад ГьитIинов**

Интервью

# Разговор о весеннем призыве

10 апреля Расулов Магомедрасул Магомедович приступил к исполнению обязанностей военного комиссара Цумадинского района.

На днях пресс-секретарь главы муниципального района «Цумадинский район» Тавус Яхьяева встретилась с военным комиссаром и взяла интервью по вопросам весеннего призыва.



**-Магомедрасул Магомедович, чем-то отличается этот весенний призыв от предыдущих?**

-Особо ничем. Последние изменения в Федеральный закон о воинской обязанности и военной службе были внесены еще 30 июля 2020 года. В этом году призывная кампания в Цумадинском районе началась в одно время со всей Российской Федерацией – 1 апреля.

Добавлю, что в весенний призыв 2023 года еще будут призывать с 18 до 27 лет. Повысить границы призывного возраста планируют с весеннего призыва 2024 года.

Срок службы тоже пока не увеличен и составляет один год.

**-Будут ли военнослужащие по призыву отправляться служить на территории Донецкой и Луганской республик?**

-Отправлять срочников в зону спецоперации не позволяет принятое по решению президента решение Минобороны. То есть граждане, призванные на военную службу, не будут направляться для ее прохождения в воинские части на территории Донецкой и Луганской народных республик, Запорожской и Херсонской областей, а также не будут привлекаться к участию в специальной военной операции на Украине. Еще раз хочу подчеркнуть - никакого участия в боевых действиях срочники принимать не будут, на территорию принятых в состав России субъектов они направляться тоже не будут. Закончившие срочную службу могут, конечно, поступить на контракт, чтобы поучаствовать в боевых действиях, но только если изъявят такое желание.

**-Давайте остановимся на трех постоянных актуальных вопросах в период призывной кампании. Один из них: кому положена отсрочка от срочной службы в рядах Российской армии?**

-Статья 24 Федерального закона № 53 предусматривает все виды отсрочек граждан от воинской обязанности. Основной из них является отсрочка по обучению. Если выпускник поступает в техникум, то после прохождения обучения идет в армию, т.к. вторая отсрочка для него не предусмотрена. Хочу отметить, что отчисление гражданина из учебного заведения по неуважительной причине аннулирует все отсрочки. Отсрочка предусмотрена и для граждан, поступивших на службу в органы внутренних дел, Государственную противопожарную службу, учреждения и органы уголовно-исполнительной системы, органы принудительного исполнения Российской Федерации, таможенные органы Российской Федерации и в войска национальной гвардии Российской Федерации непосредственно по окончании образовательных организаций высшего образования указанных органов и учреждений. Отсрочка действует на время учебы и на период службы в органах.

Одним из распространенных видов отсрочки от службы в армии является наличие несовершеннолетних детей. Здесь тоже есть изменения. Если ранее отсрочка предоставлялась гражданину уже при наличии одного ребенка, то теперь рассматривается два ребенка или один ребенок и беременная жена на сроке не менее 26 недель. Отсрочка предусматривается и при наличии ребенка-инвалида до трех лет. Это основные критерии. Остальные граждане проходят срочную службу.

Отсрочка до одного года по состоянию здоровья предоставляется гражданам при наличии заболевания. После прохождения лечения они снова призываются.

**-А как вообще получают повестки о призыве? Могут ли их опустить в почтовый ящик, передать работодателю и т.п.?**

- Первое оповещение будущих солдат проводят работники военных комиссариатов и работники администраций поселений. Если им не удается вручить призывникам повестки, то в отдел полиции направляется персональное письменное обращение, после чего в течение 14 дней сотрудники органов внутренних дел должны найти человека и вручить ему документ.

Замечу, что состоять на воинском учете - это конституционная обязанность гражданина. Если, к примеру, человек переехал и не встал на учет в военкомате по месту пребывания или месту жительства, то он привлекается к административной ответственности». Сделать это нужно в течение двух недель.

**-Правда ли суждение, что все дороги ведут через военкомат?**

-Военный билет подлежит выдаче всем военнообязанным мужчинам, находящимся в возрасте от 18 до 50 лет и до 45 лет женщинам, имеющим военно-учетные специальности. Военный билет необходим гражданину в течение всей его жизни при трудоустройстве, оформлении водительского удостоверения, регистрации по месту жительства и прочих жизненно важных ситуациях.

Военный прокурор разъясняет

Приказом Министра обороны Российской Федерации от 10 февраля 2023 г. № 50 «Об становлении случаев и порядка предоставления гражданам, пребывающим в добровольческих формированиях, права на проезд на безвозмездной основе железнодорожным, воздушным, водным и автомобильным (за исключением такси) транспортом» право на бесплатный проезд предоставляется добровольцам, содействующим выполнению задач Вооруженных сил Российской Федерации, в период мобилизации, военного положения, военного времени, при вооруженных конфликтах, контртеррористических операциях, операциях за пределами Российской Федерации.

Безвозмездный проезд возможен при следовании к месту нахождения добровольческого формирования, в связи с выполнением возложенных на добровольческое подразделение задач, к месту лечения, реабилитации или медицинского освидетельствования и обратно, при сопровождении отдельных категорий добровольцев, к месту жительства в случае исключения из формирования.

Перечисленные категории граждан и причитающиеся транспортные льготы в зависимости от воинских званий. Прописан порядок получения воинских перевозочных документов, установлены правила возмещения транспортных расходов.

**Р. Османов,** Врио военного прокурора гарнизона подполковник юстиции

Спорт

## ГIарцулав призер



Дагьаб цебе Хорватиялъул Загреб шагьаралда тIобитIана эркенаб гугариялъул рахъалъ Европаялъул чемпионат.

Гьенир гIахьаллъана континенталдаса бищун лъикIал гугарухъаби.

Болгариялъул байрахъалда гъоркь 70 кг. цIайиялда цеве вахъарав Инхокъвариса Рамазан Рамазанов мустахIикълъана гIарцулаб медалалъе.

Баркула гьесда лъикIаб хIасил.

## Марафоналъул чемпион



Россиялъул 63 регионалдаса азаргоялдасаги цIикIкIун чи гIахьаллъана 22-23 апрелалда Пятигорскиялда тIоритIарал мугIрузул маршруталда халатрахъарал рекериялъул (KAVKAZ. RVN) къецазда.

Гьениб 40-49 сонил гIумруялъулазда гьоркьоб 5 км. манзилалда векерун тIоцебесеб бакI ккуна Хуштадаса АсхIабов МухIамадица.

Баркула АсхIабида ва гьесул тренер ХIамзатов ГIабдулкаримида щвараб бергьенлъи.

Волейбол

## Республикаялда лъабабилел

Къоло анлъабилеб апрелалъ МахIачхъалаялда гIолилал ясазда гьоркьоб тIобитIана волейбол хIаялъул рахъалъ республикаялъулаб турнир.



Гьениб гIахьаллъараб нилъер районалъул лъималазулгун гIолилазул спортивияб школалъул командаялъ бихьизабуна лъикIаб хIай ва мустахIикълъана лъабабилеб бакIалъе.

Волейбол хIалезда гьоркьой бищун лъикIай гьужумалъулайлъун рикIкIана Агъвали гимназиялъул анцIабилеб классалъул цIалдохъан Аминат МуртазагIалиева.

Баркула ясазда ва тренер МухIамад Зиявдиновасда лъикIаб хIасил, гьарула хадубккунги икъбал.

**Шамил Сажидов**

**БетIерав редактор Малачдибиров ГIубайдула СагIадулаевич 2-52-44**

**Жавабияй секретарь Сажидова Зульфия АхIмадовна 2-52-92**

**Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦIумада район, Кьенгьара росу Заводалъул къватI, 4**

**«ЦIумадисезул гьаракь» газета гIуцIарал: «ЦIумада район» муниципалияб районалъул администрация**

**Газета къватIибе биччана «Издательский дом «Дагестан» ГАУялъул типографиялда.**

**Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Насрудиновасул проспект, I «А»**

**Тираж - 1486 Газеталъул индекс: 51377 (бащдаб лъагIалие) 63302 (лъагIалие)**

**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул балъголъи гьорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.**

**Газета зарегистрирована Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан. ПИ №ТУ05-00434 от 15 июля 2019 г.**

**Адрес электронной почты GoIostsumady@maiI.ru**